# O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA’M ORTA BILIMLENDIRIW MINISTIRLIGI

***Berdaq atindag’i Qaraqalpaq ma’mleketlik universiteti***

**Qaraqalpaq filologiyasi fakulteti**

**Qaraqalpaq til bilimi kafedrasi**

Til bilimi teoriyas? **pa’ninen**

# Referat

**Tema:** So`z ha`m on?n` ma`nileri

Orinlag’an: Tur?mbaeva M.

Qab?llag`an: Dosjanova G.

**No’kis 2013**

# Jobas?:

Kirisiw

**1. So`z ha`m on?n` ma`nileri**

**2. So`z ma`nisinin` aw?s?w us?llar?**

Juwmaqlaw

Paydalanilg’an a’debiyatlar dizimi

## *Kirisiw*

Leksikologiya - til haqqi’ndag’i’ ilimnin’ tildin’ so’zlik qurami’n (leksikasi’n) izertleytug’i’n ayi’ri’qsha bir taraw Tildin’ leksikasi’ni’n’ o’zi so’zlerden ha’m so’ylewde so’zler si’yaqli’ xi’zmet atqaratug’i’n turaqli’ so’z dizbeklerinen turad

Leksikologiyada tildin’ so’zlik qurami’na, leksikali’q birlik retindegi so’zlerdin’ ta’biyati’na baylani’sli’ bolg’an uli’wma lingvistikali’q ma’seleler de, ha’r bir jeke tildin’ leksikasi’na baylani’sli’ bolg’an ayri’qshali’qlar da izertlenedi. Sonli’qtan leksikologiya en’ aldi’ menen uli’wma leksikologiya ha’m jeke leksikologiya boli’p bo’linedi.

Uli’wma leksikologiyada tildin’ leksika-semantikali’q sistemasi’, tillik birlikler ortasi’nda so’zdin’ tutqan orni’, so’zge ta’n tiykarg’i’ belgiler, so’z benen tu’sinik ortasi’ndag’i’ qari’m-qatnas, so’zdin’ leksikali’q ha’m grammatikali’q ma’nileri si’yaqli’ uli’wmali’q ma’seleler, al jeke leksikologiyada jeke bir tildin’ leksikali’q ayri’qshali’qlari’ so’z etiledi. Uli’wma leksikologiya menen jeke leksikologiya ti’g’i’z baylani’sli’ boladi’ Sebebi uli’wma adamzat tiline ta’n uli’wmali’q lingvistikali’q ni’zamli’li’qlar jeke ha’r bir tilge de ta’n boladi’ Ma’selen, ja’miyet rawajlani’wi’ menen jan’a so’zlerdin’ do’reliwi, al ayi’ri’m so’zlerdin’ qollani’li’wdan shi’g’i’p qali’wi’ yamasa siyrek jumsalatug’i’n so’zlerge aylani’wi’ - barli’q du’nya tillerine ta’n uli’wmali’q ni’zamli’li’q. Sonday-aq, tildin’ rawajlani’wi’ menen so’z ma’nisinin’ o’zgeriwi, so’z ma’nisinin’ ken’eyiwi ya tarayi’wi’, ko’p ma’nili so’zlerdin’ yamasa sinonimlik qatarlardi’n’ payda boli’wi’ - barli’q tillerge ta’n qubi’li’slar. Barli’q yamasa ko’pshilik du’nya tillerine ortaq qubi’li’slar menen ni’zamli’li’qlar du’nyadag’i’ jeke tillerdin’ ha’r birinde o’zinshelik o’zgeshelikleri menen tu’rlishe ko’rinislerde ju’zege shi’g’ad Ma’selen, do’rendi so’zler so’z do’retiwdin’ belgili bir usi’llari’ boyi’nsha jasalad So’z

do’retiwdin’ belgili bir usi’li’ so’zlerdi biriktiriw usi’l Bul usi’l barli’q tillerde birdey da’rejedegi ko’riniske iye bolmayd Ayi’ri’m tillerde, ma’selen, nemis tilinde bul en’ o’nimli usi’l boli’p, onda birikken so’zler og’ada jiyi qollani’lad So’zlerdin’ juplasi’p keliwi arqali’ so’z jasali’w barli’q tillerde de bar, biraq bul usi’l tu’rkiy tillerde en’ o’nimli so’z jasaw usi’li’ boli’p tabi’lad Sonli’qtan da basqa tillerge sali’sti’rg’anda tu’rkiy tillerde jup so’zler ko’plep ushi’rasad

Adamzat tilinin’ leksikasi’na ta’n qubi’li’slar menen ni’zamli’li’qlar uli’wma leksikologiyada izertlense, leksikali’q qubi’li’slar menen uli’wma ni’zamli’li’qlardi’n’ ha’r bir jeke tildin’ leksikasi’na iykemlesip o’z ko’rinisin tawi’p, enisiwi ha’m ha’r bir tildin’ so’zlik qurami’ menen oni’n’ rawajlani’wi’, o’zinshelik o’zgeshelikleri jeke leksikologiyada so’z etiledi. Jeke leksikologiya uli’wma leksikologiyani’n’ teoriyali’q qag’i’ydalari’ menen ani’qlamalari’na su’yenedi, sog’an tiykarlanadi’.

Jeke leksikologiya bir tildin’ leksikali’q qurami’n rawajlani’wshi’ qubi’li’s retinde tariyxi’y ko’z qarastan yamasa belgili bir da’wirdegi, ma’selen, ha’zirgi da’wirdegi ko’rinisi ko’z qarasi’nan qarawi’ mu’mkin. Mine, usi’ ko’z qarastan jeke leksikologiyani’n’ o’zi tariyxi’y (diaxroniyali’q) leksikologiya ha’m si’patlama (sinxroniyali’q) leksikologiya boli’p bo’linedi. Tariyxi’y leksikologiyada tildin’ so’zlik qurami’ni’n’ payda boli’wi’ ha’m ha’r tu’rli tariyxi’y da’wirlerde qa’liplesip, o’zgerip rawajlani’wi’ so’z etiledi. Al si’patlama leksikologiyada ha’r bir tildin’ ha’zirgi da’wirdegi qa’lpi izertlenedi. Ma’selen, «Ha’zirgi qaraqalpaq tili», «Ha’zirgi ori’s tili», «Ha’zirgi inglis tili» pa’nlerinin’ leksikologiya tarawi’nda sol atalg’an tillerdin’ leksikasi’ni’n’ ha’zirgi da’wirdegi jag’dayi’, ol tillerdegi so’zlerdin’ ma’nilik toparlari’ menen olardi’n’ qollani’li’w jiyiligi (aktivligi), sinonim, omonim, antonim ma’nisinde jumsali’wi’ ha’m t.b ma’seleler so’z etiledi. Soni’ da ayti’w kerek, ha’zirgi tildin’ so’zlik qurami’ bir-biri menen ti’g’i’z baylani’sli’ bolg’an o’z ara sha’rtles bo’leklerdin’ sistemasi’ boli’p, ol (so’zlik quram) mudami’ jetilisiwde, toli’g’i’wda, rawajlani’wda boladi’ Solay etip si’patlama

leksikologiyada tildin’ so’zlik qurami’ o’z ara baylani’sli’ bolg’an bo’leklerdin’ (elementlerdin’) leksikali’q sistemasi’ retinde g’ana emes, soni’n’ menen birge rawajlani’wshi’ qubi’li’s retinde de qaralad Sog’an sa’ykes si’patlama leksikologiyada ha’zirgi tildin’ leksikali’q qubi’li’slari’ni’n’ ta’biyati’n tu’sindiriwde, kerek bolg’anda, tariyxi’y mag’li’wmatlardan da paydalani’lad

Tariyxi’y leksikologiyani’n’ bir tarawi’ etimologiya[1] dep atalad Etimologiya so’zlerdin’ payda boli’w to’rkinin, olardi’n’ en’ da’slepki ma’nisin ani’qlayd Bunda til tariyxi’ sol xali’qti’n’ tariyxi’na su’yenedi. Xali’qti’n’ tariyxi’n u’yreniwde etimologiyali’q izertlewlerdin’ de a’hmiyeti og’ada u’lken. So’zler bir tilden ekinshisine o’tip oti’rad Tildin’ rawajlani’wi’ni’n’ en’ basli’ dereklerinin’ biri basqa tillerden so’z awi’si’w boli’p tabi’lad Etimologiyada si’rttan kirgen so’zlerdin’ kelip kiriw tariyxi’ da izertlenedi. Si’rttan kirgen so’zler arqali’ xali’qlardi’n’ tu’rli da’wirlerdegi baylani’si’ menen qari’m qatnasi’ ani’qlanad Sonday-aq so’zlerdin’ o’zgerip, rawajlani’w tariyxi’nan adamni’n’ ta’biyat qubi’li’slari’ menen ja’miyetlik qubi’li’slardi’ mudami’ teren’irek biliwge umti’li’w tariyxi’ an’lanad Mine, usi’lardan etimologiyada til menen tariyxti’n’, til menen oylawdi’n’ qari’m qatnasi’ ma’seleleri og’ada u’lken a’hmiyetke iye ekenligi ko’rinedi.

---

## So’z ha’m oni’n’ ma’nileri

So’z - seslik ha’m ma’nilik ta’repine iye bolg’an quramali’ til birligi. Seslik jag’i’ oni’n’ materialli’q ta’repi bolsa, ma’nilik jag’i’ tildin’ idealli’q ta’repin qurayd Bul eki ta’rep - seslik ha’m ma’nilik ta’repler aji’ralmas baylani’sli’ boladi’ Seslik ha’m ma’nilik ta’replerdin’ birligi so’zdin’ o’mir su’riwin ta’miynlep turad Adamdi’ qorshag’an du’nyadag’i’ zatlar menen qubi’li’slar oni’n’ sanasi’nda sa’wlelenedi. Solay etip olar tuwrali’ tu’sinikti (ug’i’mdi’) payda etedi. Tu’sinik - zat yamasa qubi’li’sti’n’ jay g’ana sa’wlesi emes, al olardi’n’ basli’ ha’m tiykarg’i’ belgilerinin’ oyda uli’wmalasti’ri’lg’an sa’wlesi boli’p tabi’lad Tu’sinik tilde so’z arqali’ an’lati’ladi’, so’zge bekitiledi. Solay etip so’z shi’nli’q bolmi’sti’ sa’wlelendiredi.

So’z uli’wmalasti’ri’wshi’ qasiyetke iye boladi’ Ol jeke zat yamasa qubi’li’sti’ an’lati’w menen bir qatarda, sonday-aq bir tiptegi birdey zat yamasa qubi’li’slardi’n’ topari’n da an’latad Ma’selen, qami’s, kitap, ag’ash - belgili bir zatlardi’ an’lati’w menen birge sol toparg’a kiretug’i’n basqa da barli’q zatlardi’ bildiredi. Atap aytqanda, o’sip turg’an bir tu’p qami’s ta qami’s, soni’n’ menen birge du’nyadag’i’ barli’q qami’s atawli’ni’n’ ba’ri de-qami’s; stol u’stindegi turg’an bir kitap ta - kitap, soni’n’ menene birge du’nyadag’i’ barli’q kitap a’wladi’ni’n’ ha’mmesi de - kitap; o’sip turg’an bir tu’p ag’ash ta - ag’ash, sonday-aq du’nyadag’i’ barli’q ag’ashlardi’n’ ha’mmesi de - ag’ash. So’z ha’mmege ortaq, ha’mme bir qi’yli’ tu’sinetug’i’n en’ basli’ til birligi boli’p, oni’ sol tilde so’ylewshi ha’r kim emin-erkin kerek ori’nda paydalana beredi. A’meliy jaqtan a’piwayi’ ko’ringeni menen teoriyali’q jaqtan so’zge ani’qlama beriw og’ada qi’yi’n. İlimiy a’debiyatlarda oni’n’ ko’plegen ani’qlamalari’ ushi’rasad So’z - belgili bir ma’nige iye bolg’an sesler kompleksi; So’z - tu’sinikti bildiretug’i’n sesler dizbegi; So’z - zat yamasa qubi’li’sti’ ataytug’i’n til birligi ha’m t.b. Bul ani’qlamalardi’n’ hesh birin so’zdin’ ta’biyati’n toli’q ko’rsete aladi’ dep ayta almaymi’z. O’ytkeni so’zdi

«ma’ni bildiretug’i’n sesler kompleksi» degenimiz benen, so’zden de basqa bunday qa’siyetke iye bolg’an til birligi ushi’rasad Ma’selen, suffiks, prefiks ha’m t.b. So’zdi «tu’sinikti bildiretug’i’n sesler dizbegi» degenimiz benen geypara so’zler bunday qa’siyetke iye bolmawi’ mu’mkin. Ma’selen, ah, ya, biraq ha’m t.b.; Sonday-aq tu’sinikti dara so’z arqali’ g’ana emes, al so’z dizbegi arqali’ da bildiriwge boladi’ Ma’selen, u’lken u’y, qaran’g’i’ tu’n, jawi’nli’ gu’z ha’m t.b. So’zdi «zat ya qubi’li’sti’ ataytug’i’n til birligi» degenimiz benen barli’q so’zler bunday qa’siyetke iye emes (yaqshi’, yamasa, ta’nha’ ha’m t.b). Bunnan basqa da so’zdin’ «ga’p qurami’ndag’i’ ma’ni bildiriwshi birlik», «ma’ni bildiriw uqi’bi’ bar ses yamasa sesler kompleksi» degen de ani’qlamalari’ bar. Solay etip so’zge berilgen bul ani’qlamalar qa’te bolmag’ani’ menen, biraq olar tek g’ana so’zlerge emes, soni’n’ menen birge so’zden u’lken yamasa so’zden kishi ma’ni bildiriwshi birliklerge de qatnasli’ boladi’ Sonli’qtan da so’zdi til birligi si’pati’nda til birlikleri qabatlasli’g’i’ndag’i’ (ierarxiyasi’ndag’i’) og’an en’ jaqi’n til birliklerinen, a’sirese morfemadan aji’ralatug’i’n, sonday-aq so’ylew ag’i’mi’nda bolsa, qon’si’las so’zlerden ani’q shegaralay alatug’i’n da’lilirek ani’qlama tabi’w kerek. Morfema - tag’i’ da bo’lekke bo’linbeytug’i’n en’ kishi ma’ni an’lati’wshi’ til birligi ekenligi belgili. Morfemag’a mazmunni’n’ anaw yamasa mi’naw bo’legi (elementi) bekitilgen boladi’ So’z bolsa, birinshiden, tag’i’ da mayda ma’nili bo’lekke bo’linbeytug’i’n, yag’ni’y bir morfemadan turatug’i’n tu’rinde, ekinshiden, maydaraq ma’nili bo’leklerge bo’linetug’i’n, yag’ni’y bir neshshe morfemadan quralatug’i’n tu’rinde o’mir su’redi. Mayda ma’nili bo’lekke bo’linbeytug’i’n bir morfemadan turatug’i’n ha’m mayda ma’nili bo’lekke bo’linetug’i’n, bir neshshe morfemalardan turatug’i’n so’zler qanday belgileri boyi’nsha bir tillik birlikke (so’zge) birlesetug’i’nli’g’i’n, sonday-aq so’z benen morfema, a’sirese, bir morfemali’ so’z benen morfema qanday belgisine qaray qarama-qarsi’ qoyi’latug’i’nli’g’i’n ani’qlaw kerek.

So'z ha'm morfemani'n' en' basli' ayi'rmashi'li'g'i' - so'z morfemag'a qarag'anda u'lken g'a'rezsizlikke, avtonomiyag'a iye boladi' ha'm o'z betinshe jasayd morfema jumsali'wi' jag'i'nan qatan' sheklengen boladi', al so'z og'ada ko'p tu'rli ga'plerde, ha'r tu'rli so'zler menen birge og'ada ko'p tu'rli kombinatsiyalarda emin-erkin, sheksiz jumsala beredi.

So'zdin' o'z betinsheligi (g'a'rezsizligi) eki tu'rli boladi': pozitsiyali'q ha'm sintaksislik. Pozitsiyali'q g'a'rezsizlik degennen so'zdin' so'ylew ag'i'mi'nda qon'si'las basqa so'zler menen qati'p qalg'an bekkem baylani'si'ni'n' bolmawi' tu'siniledi. So'zdin' ko'pshilik jag'dayda qon'si'las so'zlerden an'sat bo'liniwi, ha'reketshen'ligi ha'm ga'pte ori'ni'n o'zgerte beriw uqi'bi'ni'n' boli'wi' oni'n' pozitsiyali'q g'a'rezsizligine baylani'sli' boladi' Solay etip, so'z - pozitsiyali'q g'a'rezsizlikke iye bolg'an en' kishi til birligi. Al so'zdin' bo'lekleri bolg'an morfema bolsa, ko'p morfemali' so'zlerdin' ishinde bunday g'a'rezsizlikke iye bolmayd Kerisinshe, morfemalar qatan' tu'rde bir ta'rtipte izbe-iz baylani'si'w qa'siyetine iye boladi' Ha'r bir morfemani'n' jaylasi'w orni' qatan' saqlanad Ma'selen, basshi'lari'mi'zdi'n'. Bul so'zdegi ko'mekshi morfemalar yamasa ol morfemalardi'n' ha'r biri bir topar so'zlerde (so'z shaqabi'nda) g'ana keledi. №atan' bir ta'rtipte g'ana jumsalad Siyrek jag'dayda g'ana morfemalar ori'ni'n almasti'ri'wi' mu'mkin (balasan' ba - balami'san').

So'zdin' en' joqari' o'z betinsheligi oni'n' sintaksislik g'a'rezsizligi boli'p tabi'lad So'zdin' sintaksislik g'a'rezsizligi degennen oni'n' ga'pte sintaksislik xi'zmet atqari'wi' - o'z aldi'na ga'p xi'zmetin (so'z ga'p) yamasa ga'p ag'zalari' xi'zmetin atqari'wi' tu'siniledi. Sintaksislik g'a'rezsizlik barli'q ga'plerge ta'n emes. Ma'selen, substantivlesken jag'ayi'n esapqa almag'anda ko'mekshi so'zler ga'p yamasa ga'p ag'zasi' bola almaydi' («g'ana» aldi'ndag'i' so'zden bo'lek jazi'ladi', - degen ga'ptegi si'yaqli' substantivlesken ko'mekshi «g'ana» so'zinin' baslawi'sh xi'zmetin atqari'w jag'dayi'n esapqa almag'anda).

Tildegi so’zler tiykari’nan eki toparg’a bo’linedi: ma’nili so’zler, ko’mekshi so’zler. Tildegi so’zlerdin’ ko’pshiligi turmi’stag’i’ zatlar menen qubi’li’slardi’, belgiler menen is-ha’reketti an’lati’w ushi’n xi’zmet etedi. Bunday so’zler toli’q ma’nili so’zler boli’p, til biliminde olardi’ atawi’sh so’zler dep te atayd Atawi’sh so’zler zatlar menen qubi’li’slardi’n’, is-ha’rekettin’, belginin’, qa’siyettin’ atamalari’ boli’p tabi’lad Bunday so’zler atli’q, kelbetlik, feyil, ra’wish so’z shaqaplari’na birlesedi. Bul so’z shaqaplari’ni’n’ qurami’na kiretug’i’n ha’r bir so’z dara turg’anda toli’q leksikali’q ma’nige ha’m logikali’q tu’sinikke iye boladi’ Atawi’sh so’zlerdin’ sani’ tilde ko’pshilikti qurayd Atawi’sh so’zlerge qarama-qarsi’ qoyi’latug’i’n so’zler topari’ tildegi ko’mekshi so’zler boli’p tabi’lad Ko’mekshi so’zler topari’na tu’rli tillerdegi da’nekerler, tirkewishler, janapaylar, predloglar, artikllar, sonday-aq tilde jumsalatug’i’n basqa da ko’mekshi so’zler kiredi. Ko’mekshi so’zlerdin’ leksikali’q xi’zmetinen go’re grammatikali’q xi’zmeti basi’mi’raq boli’p keledi. Ko’mekshi so’zlerde leksikali’q ma’ni jetispeydi. Al olar ku’shli grammatikali’q ma’nilerine iye boladi’: birewleri so’z benen so’zdi, yamasa ga’p penen ga’pti baylani’sti’radi’, birewleri dizbeklesip kelgen so’zine grammatikali’q ma’ni qosadi’ ha’m t.b.

Atawi’sh so’zler menen ko’mekshi so’zlerdin’ arali’g’i’nan ori’n alatug’i’n so’zler topari’ almasi’q, sanli’q, tan’laq so’zler boli’p sanalad Bul so’z shaqaplari’ni’n’ atawi’sh so’zlerge de, ko’mekshi so’zlerge de jaqi’n keletug’i’n ta’repleri bar. Almasi’q, sanli’q, tan’laq so’zlerdin’ atawi’sh so’zlerge jaqi’n ta’repi bular ko’mekshi so’zlerge qarag’anda tilde o’z betinshe g’a’rezsiz jasaw qa’biletine iye boladi’ Usi’ belgisi boyi’nsha olar atawi’sh so’zlerge jaqi’n keledi. Al almasi’q, sanli’q, tan’laq so’zlerdin’ ko’mekshi so’zlerge jaqi’n belgisi-olar ma’nili so’zler bolg’ani’ menen o’zleri qatnasli’ atawi’sh so’zlerdin’ qaramag’i’nda, olardi’n’ jeteginde boladi’ Bunnan ti’sqari’ olardi’n’ tag’i’ da bir ayi’rmashi’li’g’i’-almasi’qlar zat ya qubi’li’sti’n’ tikkeley atawi’ emes, al atli’q, kelbetlik, sanli’q so’zlerdin’ orni’na almasti’ratug’i’n so’zler boli’p tabi’lad

Almasi’q og’ada uli’wmali’q tu’sinikti bildiredi. Almasi’q bildiretug’i’n tu’sinik penen ma’ni aldi’n’g’i’ ga’ptegi so’z benen yamasa pu’tinley aldi’n’g’i’ ga’p penen belgili boli’p turad

Sanli’q so’zler, uli’wma san tuwrali’ tu’siniktin’ o’zi og’ada abstrakt qa’siyetke iye. Ha’r bir sanli’q so’zdin’ o’zi basqa ma’nili so’zler menen dizbeklespey dara turg’anda, san haqqi’ndag’i’ uli’wma tu’sinikti g’ana an’latad Olardi’n’ sanli’q ma’nisi sanawg’a bolatug’i’n basqa so’zler menen dizbeklesip kelgende g’ana ani’q ju’zege shi’g’ad

Tan’laq-quwani’w, qayg’i’ri’w, tan’lani’w, o’kiniw, renjiw, qorqi’w, su’ysiniw ha’m t.b. si’yaqli’ adamni’n’ ishki keshirmelerin, tu’rli sezimin, kewil ku’yin, emotsiyani’ bildiretug’i’n, ayi’ri’qsha intonatsiya menen ayti’latug’i’n so’zler topar Tan’laq belgili bir ug’i’mdi’ bildirmeydi ha’m ataw (nominativ) xi’zmetin emes, al emotsional-ekspressivlik xi’zmet atqarad

Solay etip almasi’q, sanli’q, tan’laq so’zlerdi bir toparg’a ja’mlestirgende, solay etip, bir jag’i’nan atawi’sh so’zlerge, ekinshi jag’i’nan, ko’mekshi so’zlerge qarama-qarsi’ qoyg’anda, ol u’sh so’z shaqabi’ni’n’ o’z-ara ortaq belgilerine qarap emes (olarda onday belgiler joq), al olardi’n’ atawi’sh ha’m ko’mekshi so’zlerge qari’m-qatnaslari’na qaray bir toparg’a ja’mlestiriledi. Solay etip atli’q, kelbetlik, feyil, ra’wish-toli’q ma’nili (atawi’sh) so’zler, da’neker, tirkewish, janapay, predlog, artikl-ko’mekshi so’zler, almasi’q, sanli’q, tan’laq arali’q so’zler topari’n qurayd Soni’n’ menen birge ko’pshilik lingvistikali’q a’debiyatlarda barli’q so’zlerdi u’sh toparg’a emes, al tek ekige ma’nili so’zler ha’m ko’mekshi so’zler dep, almasi’q, sanli’q, tan’laq so’z shaqaplari’n ma’nili so’zler qatari’na qosi’p qoyi’w da’stu’ri de ushi’rasad

## So’zlerdin’ ko’p ma’nililigi

Biz buri’ng’i’ temalarda so’z ha’m oni’n’ ma’nileri jo’ninde pikir ju’rgizgenimizde olarg’a ko’p ma’nili emes, al bir ma’nili til birligi retinde

qarag'an edik. Shi'ni'nda, so'zlerdin' bir ma'nili boli'p keliwi olardi'n' ko'p ma'nili boli'p jumsali'wi'na qarag'anda siyregirek ushi'rasad Til biliminde so'zlerdin' bir ma'nililigin monosemiya[1] dep atayd A'dette monosemiya terminologiyali'q leksika tarawi'nda ko'birek ushi'rasad Ma'selen, paxtashi'li'qqa baylani'sli' terminler: shigit, g'awasha, go'rek ha'm t.b. Sharwashi'li'qqa baylani'sli' terminler: g'unan, isek, i'laq ha'm t.b.

Al tildegi ko'pshilik so'zler ko'p ma'nili tu'rinde ushi'rasad So'zlerdin' ko'p ma'niligi til biliminde polisemiya[2] dep atalad Ko'pshilik jag'dayda bir so'zdin' o'zinde sol so'zdin' semantikali'q variantlari'n quraytug'i'n bir neshe turaqli' ma'ni birlikte o'mir su'redi. Tildegi qa'legen so'z kerek bolg'an jag'dayda-jan'a ma'ni an'lati'w za'ru'rligi tuwg'an waqi'tta o'zine jan'a ma'ni bildiriw wazi'ypasi'n ali'wg'a uqi'pli' boladi' Bul tildin' rawajlani'p, bayi'p bari'w ni'zamli'li'qli'ri'na sa'ykes halda a'melge asad

Ko'p ma'nili so'zlerdin' dara ma'nileri ortasi'nda bir-biri menen belgili da'rejede baylani's boladi' Sol ma'nili baylani's arqali' pu'tkilley ha'r tu'rli zat, qubi'li's, waqi'ya ha'm t.blardi'n' bir so'z benen an'lati'li'wi' belgili boli'p turad Ma'selen, jol so'zinin' da'slepki tuwra ma'nisinen adam yamasa ko'lik ju'retug'i'n soqpaq yamasa gu'zar jol tu'sinilse, sog'an qanday da bir usasli'q belgilerine qaray o'mir joli', joli' boli'w, ma'selenin' sheshiliw joli' ha'm t.b. so'z dizbeklerinde ha'r qi'yli' ma'nilerde jumsalad So'zdin' tuwra ma'nisi oni'n' tiykarg'i' ma'nisi boladi' Al so'zdin' awi'sqan ma'nisi oni'n' tiykarg'i' (tuwra) ma'nisinen kelip shi'g'ad Ko'p ma'nili so'zlerdin' awi'sqan ma'nileri bir-biri menen qanday da bir uli'wmali'q belgisi boyi'nsha baylani'sli' boladi' Ma'selen, bas so'zinin' uli'wmali'q belgisi-adamni'n', maqluqti'n' yamasa bir zatti'n' joqarg'i' bo'legin bildiriwinen ibarat. Usi' belgisi boyi'nsha «bas» so'zinin' awi'spali' ma'nileri o'z-ara baylani'sadi': tawdi'n' basi', tamni'n'

---

basi’, ag’ashti’n’ basi’, jumi’sti’n’ basi’ ha’m t.b. Bul so’z dizbeklerindegi «bas» so’zinin’ uli’wmali’q ma’nisi-«u’sti» ma’nisi boli’p tabi’lad

Ja’miyettin’ rawajlani’wi’ menen sol ja’miyette so’ylewshilerdin’ tili de, ayri’qsha oni’n’ leksikasi’, o’sip rawajlani’p barad Ja’miyettegi o’zgerisler ayi’ri’m so’zlerdin’ ma’nilerinin’ o’zgeriwine de, jan’a so’zlerdin’ kelip kiriwine de sebepshi boladi’ Adam o’zin qorshag’an ortali’qti’n’, zatlar menen qubi’li’slardi’n’ si’rlari’n birdey toli’q bilip kete bermeydi. Zatlar menen qubi’li’slar ha’m olardi’n’ o’z-ara qari’m qatnaslari’ menen baylani’slari’ jo’ninde adam kem-kem teren’irek ha’m ken’irek bilip barad Zatlar menen qubi’li’slardi’n’ tilde so’z benen atali’w za’ru’rligi mudami’ jan’a so’zlerdi payda ete bermeydi. Al buri’nnan qollani’li’p ju’rgen so’zlerdin’ o’zleri menen-aq atali’p, ol so’zlerdin’ buri’nnan qa’liplesken negizgi ma’nisi u’stine qosi’msha ma’ni qosi’w joli’ menen-aq bul za’ru’rlik qanaatlandi’ri’li’wi’ mu’mkin. Ma’selen, «joldas» degen so’zdin’ da’slepki tiykarg’i’ ma’nisi-«jollas» yag’ni’y jolg’a, saparg’a birge shi’qqan adam ma’nisi tu’sinilse, ol ma’nistin’ u’stine keyin bir neshe ma’niler qosi’lg’an: pikirles, ten’les, dos, zayi’p ha’m t.b. Son’g’i’ da’wirde bul so’zge jan’a ma’nis- jerdin’ jasalma joldasi’ ma’nisi qosi’ld

So’z anaw yamasa mi’naw zat yamasa qubi’li’sti’n’ arnawli’ atamasi’ boli’wi’ menen birge usas belgileri boyi’nsha basqa da zat ya qubi’li’sqa atama boladi’ O’ytkeni bir zat ya qubi’li’sqa ta’n bolg’an belgilerdin’ biri yamasa bir neshesi basqa bir zat ya qubi’li’sqa ta’n bolg’an belgilerdin’ bir yamasa bir neshshesi menen usas boli’p kele beriwi mu’mkin. Solay etip bir zat ya qubi’li’sti’n’ ati’n bildiretug’i’n so’z benen ekinshi bir zat ya qubi’li’sti’n’ da atali’wi’ ta’biyiy halat boli’p tabi’lad

So’zdin’ ko’p ma’niliginin’ o’zi de bir qi’yli’ emes. So’zlerdin’ bir qi’yli’ ko’p ma’niligi tariyxi’y aspektke tiykarlang’an bolsa, so’zlerdin’ tag’i’ bir tu’rli ko’p ma’niligi tek tildin’ ha’zirgi qa’lpine su’yenedi. Tariyxi’y aspektke tiykarlana oti’ri’p so’zlerdin’ ma’nilerin tiykarg’i’ ma’ni ha’m do’rendi ma’ni

dep bo’liwge boladi’ Mi’sali’, «er» so’zinin’ da’slepki tiykarg’i’ ma’nisi ji’ni’sti’ an’latatug’i’n «erkek» ma’nisi bolsa, al «eri», «kiyewi» ma’nisi ha’m «bati’r», «ju’rekli» ma’nisi buni’n’ do’rendi ma’nileri boli’p tabi’lad

Tildin’ ha’zirgi da’wirdegi jag’dayi’na tiykarlana oti’ri’p so’zlerdin’ ma’nilerin tuwra ha’m awi’spali’ ma’niler dep bo’liwge boladi’ Mi’sali’, «jaqti’» degen so’zdin’ «jari’q», «ashi’q», «ko’rinip turatug’i’n» degen ma’nisi oni’n’ tuwra ma’nisi bolsa, al «jaqti’ keleshek», «jaqti’ du’nya» ha’m t.b. ma’nileri oni’n’ awi’spali’ ma’nisi boli’p tabi’lad

So’z ma’nisinin’ awi’si’wi’ni’n’ bir neshe usi’li’ boli’p, solardi’n’ en’ a’hmiyetlileri metafora[a’] ha’m metonimiya[g’] usi’llari’ boli’p tabi’lad

Zat ya qubi’li’s yamasa olardi’n’ belgileri ortasi’ndag’i’ usasli’q tiykari’nda bir zat yamasa qubi’li’sti’n’ ati’n bildirip kelgen so’zdin’ ekinshi bir zat ya qubi’li’sti’ bildiriwi ushi’n jumsali’wi’ metafora delinedi. Zat ya qubi’li’sti’n’ atamasi’ni’n’ ekinshi bir zat ya qubi’li’sqa o’tiwinin’ olardi’n’ (zat ya qubi’li’sti’n’) si’rtqi’ ko’rinisindegi (ko’lemi, tu’ri-tu’si, salmag’i’ ha’m t.b. qa’siyetlerindegi) qanday da bir jaqi’nli’g’i’na qaray a’melge asi’wi’ arqali’ metafora ju’zege shi’g’ad Mi’sali’, «to’rkin» so’zinin’ o’zinin’ tuwra ma’nisi bolg’an qi’zdi’n’ to’rkini ma’nisin bildiriwinen ti’sqari’ so’zdin’ to’rkini, istin’ to’rkini, ma’selenin’ to’rkini ha’m t.b. ma’nilerde jumsali’wi’; «awi’z» so’zinin’ tuwra ma’nisi bolg’an adamni’n’ (yamasa haywanni’n’) bir mu’shesin bildiriwinen ti’sqari’ qapti’n’ awzi’, urani’n’ awzi’, shiyshenin’ awzi’, qorani’n’ awzi’ ha’m t.b. ma’nilerde jumsali’wi’; «ko’z» so’zinin’ adamni’n’ (yamasa haywanni’n’) bir mu’shesin bildiriwinen ti’sqari’ istin’ ko’zi, iynenin’ ko’zi, bulaqti’n’ ko’zi ha’m t.b. ma’nilerde jumsali’w Mine, bulardi’n’ ba’ri so’zlerdin’ tuwra ma’nisinen ti’sqari’ awi’sqan metaforali’q ma’nide de jumsalatug’i’nli’g’i’n ko’rsetedi.

Zat ya qubi’li’sti’n’ o’zinin’ ati’ni’n’ orni’na basqa bir atamani’n’ almasti’ri’li’wi’ metonimiya dep ataladBunday atamalar almasi’wi’na zat ya qubi’li’slar ortasi’ndag’i’ ishki yamasa si’rtqi’ usasli’q emes, al ol tu’sinikler

ortasi'ndag'i' o'z-ara baylani's, qanday da bir jaqi'nli'q tiykar boladi'Mi'sali', Ol so'ylegende auditoriya siltidey ti'nd Oni'n' u'yi quwani'shqa bo'lendi. Oni'n' qoli'nda qag'azi' bar. Bul ga'plerdegi auditoriya, u'yi, qag'azi' so'zlerinen olarg'a qanday da bir baylani'si' bar basqa ma'niler-birinshi ga'pte auditoriyadag'i' oti'rg'an adamlar, ekinshi ga'pte u'yindegi shan'araq ag'zalari', u'shinshi ga'pte qoli'ndag'i' hu'jjeti tu'siniledi. Sonday-aq bir tabaq jedi, bir kese ishti, bir qasi'q jutti' ha'm t.b. si'yaqli' so'z dizbeklerinde tabaq, kese, qasi'qti' emes, al olardi'n' ishindegi awqatli'q zatti' paydalang'anli'g'i' (jegeni, ishkeni, jutqani') tu'siniledi. Ayi'ri'm zatlar menen buyi'mlardi'n' atamalari' olardi'n' o'ndirilgen geografiyali'q ori'nlari'ni'n' yamasa oylap tabi'wshi'ni'n' ati' menen atali'p ketken. Ma'selen, kashemir, tyul, boston, sheviot, karakul, astraxan, modera, shampan, makintosh, french, galife usag'an so'zlerdi alayi'q. Bulardan kashemir, tyul, bostan, sheviot shi't materillari' boli'p, olardi'n' bulay atali'wi'na İndiyadag'i' Kashemir, Frantsiyadag'i' Tul, Amerikadag'i' Boston, Shotlandiyadag'i' Sheviot qalalari'ni'n' atlari' sebepshi bolg'an. Frantsuz ha'm basqa da tillerde jumsalatug'i'n tonni'n' atlari' bolg'an astraxan, karakul so'zleri Astraxan qalasi'ni'n', Buxaradag'i' Karakul maydani'ni'n' ati'nan kelip shi'qqan. Vino atamalari' bolg'an modera, shampan olardi'n' en' da'slep o'ndirip shi'g'ari'lg'an ori'nlari' bolg'an Atlantikadag'i' Modera atawi'ni'n', Parijdegi Shampan provintsiyasi'ni'n' atlari' menen baylani'sl Makintosh degen kiyimnin' ati' oni' oylap tapqan adamni'n' ati'nan ali'ng'an. French, galife degen a'skeriy kiyimlerdin' atlari' sol a'skeriy formalardi' engizgen generallardi'n' ati'nan ali'ng'an.

So'zlerdin' bunday boli'p birinin' orni'na basqasi'ni'n' jumsali'wi' olardi'n' metonimiyali'q jumsali'wi' boladi'

Metonimiyani'n' bir tu'ri sinekdoxa[a'] boli'p tabi'lad Pu'tininin' orni'na bo'leginin' yamasa bo'leginin' orni'na pu'tininin', uli'wmasi' orni'na jekesinin' yamasa jekesi orni'na uli'wmasi'ni'n' ati'n almasti'ri'p ayti'w menen so'z ma'nisinin' awi'si'wi' sinekdoxa delinedi. Mi'sali', tutas «mal»

so’zi orni’na oni’n’ bir mu’shesi tuyaq yamasa bas so’zinin’ qollani’li’wi’, sonday-aq adam mu’sheleri muri’n, murt yamasa kiyimleri qalpaq, malaqay so’zlerinin’ belgili bir adamni’n’ o’zin bildiriwi ushi’n qollani’li’wi’ (murt atqa mindi; muri’n kelmedi; ali’stan malaqay ko’rindi) so’z ma’nisi awi’si’wi’ni’n’ sinekdoxa usi’li’ boli’p tabi’lad

So’z ma’nilerinin’ ken’eyiwi menen tarayi’wi’ da sinekdoxag’a kiredi. Ma’selen, «avtomobil» ma’nisinde «mashina», «arba» ma’nisinde «ko’lik» so’zinin’ jumsali’wi’ so’z ma’nisinin’ ken’eyiwi boladi’; «kvas» so’zi da’slep sho’ldi qandi’ratug’i’n barli’q ashi’g’an ishimlikti bildirse, son’ ol bir g’ana ishimlik tu’rin bildiretug’i’n boli’p, so’z ma’nisi tarayg’an.

Zat qubi’li’sti’ o’z atamasi’ orni’na og’an baylani’sli’ bolg’an bir atama menen atali’wi’ metonimiyali’q qubi’li’s boli’p, so’zlerdin’ bunday usi’lda jumsali’wi’ tildin’ bay mu’mkinshiliklerinin’ bir ko’rinisi boli’p esaplanad

## Juwmaq

So’zlik quramdag’i’ ha’r bir so’zdin’ belgili bir ma’nisi bar. So’zlerdi ma’nilik jaqtan izertleytug’i’n leksikologiyani’n’ en’ basli’ u’lken tarawi’ semaseologiya dep atalad Semaseologiya so’zlerdin’ ma’nisi, semantikasi’ menen ol ma’nilerdin’ o’zgeriske ushi’raw jollari’n izertleydi.

Semaseologiya menen ti’g’i’z baylani’sli’ bolg’an leksikologiyai’n’ bir tarawi’ onomaseologiya boli’p tabi’lad Bunda tildin’ ataw (an’lati’w) qurallari’ menen oni’n’ so’zlik qurami’, zatlar menen qubi’li’slardi’n’ bulay atali’w sebepleri u’yreniledi.

Leksikologiyani’n’ onomastika degen tarawi’nda menshiklik atamalar u’yreniledi. Onomastikani’n’ o’zi adam atlari’n izertlew obekti etip alatug’i’n antroponimika ha’m geografiyali’q atamalardi’ izertlew obekti etip alatug’i’n toponimika degen bo’limlerden turad

Zatlar menen qubi’li’slar tek dara so’zler menen an’lati’li’p qoymastan, sonday-aq turaqli’ so’z dizbekleri menen de bildiriledi. Turaqli’ so’z dizbekleri ma’nisi jag’i’nan jeke so’zlerge usap, bir pu’tin leksikali’q birlik retinde jumsalad Turaqli’ so’z dizbekleri tillerde a’sirler dawami’nda turaqlasi’p, qa’liplesedi. Turaqli’ so’z dizbekleri leksikologiyani’n’ frazeologiya[n’] degen tarawi’nda izertlenedi.

Solay etip, leksikologiya tildin’ an’lati’w qurallari’ ha’m so’zlik qurami’ haqqi’ndag’i’ ilim si’pati’nda en’ aldi’ menen u’lken eki tarawg’a -onomaseologiya ha’m semaseologiyag’a bo’linedi. Onnan keyin frazeologiya, terminologiya, onomastika, etimologiya degen tarawlar bo’linip shi’g’ad Sonday-aq leksikali’q stilistika ha’m leksikografiya (so’zlikler du’ziw haqqi’ndag’i’ ilim) ayri’qsha ori’ndi’ tutadi’.

## Paydalanilg’an a’debiyatlar

1. Azizov O. Tilshunoslikka kirish. Toshkent, 1996.

2 Da`wletov A. Til bilimi tiykarlar?. No`kis, 2007

3 Da`wletov A. Til bilimi tiykarlar?. No`kis, 2013